

Des fleurs et des poèmes

Tach lank



Kaye # 1

PWEZI

12 mas 2017

Louvri bary è

Aprè piblikasyon « lòsyè mo » yo, atelye flè ak powèm pran desizyon pou mete yon lòt zouti deyò pou ede vilgarize travay manm li yo. Se yon piblikasyon vityèl ki tradui epi respekte libète kreyasyon chak grenn ekriyen anndan atelye a.

Yon nimewo Kaye « **Tach lank** » ap soti chak semèn. Li ap la tou kòm yon kanal pou ede divès otè ki pibliye deja fè pwomosyon pou zèv yo.


Li toujou bon pou nou raple atelye « flè ak powèm » se yon tantativ pou eksplwate rezo sosyal yo pandan l ap fasilite echanj nan mitan divès jèn ki gaye toupatou epi epi bay posibilite pou yo chak amelyore tèt yo.



« Des mots pour Nourrir la vie »

Yon rekèy pwezi ki regwoupe 26 otè nan 4 kwen peyi a, ki nan atelye flè ak powèm.

Kontak : (509)3656-3186 / 47 06-3942



Du zèle à l'amour

Yon rekèy pwezi Christ-Falin ORALU S ki soti nan mwa janvyè a.

Kontak : (509) 4840-2519

M ap ekri powèm sa
Ak ti rès tan ki rete a
Yon jan pou m di
Pasaj mwen sou tè sa
M fèl nan tann pèlen pou zege.
M ap ekri powèm sa
Ak pil kolangyout mwen
Lang tout mo deyò.
Gòj tout fraz sèk
Chak paragaf gonw pye kase.
Map ekri powèm sa
Ak souf mwen twouse
nan janm kansonm

Diamant Noir

Tout timoun pa gen menm dwa
Genyen ki kale
grandi
pouse branch
nan 2 plan men rejwisans lavi
anvan y al fini anba tè
gen lòt menm
ki oblije manje poud tè
pou yo pa mouri grangou

Toli

Mo yo kenbe lang mwen

Nan jipon w

Y ap vòltije

Pasi pala

Tankou se kap

Van vòlè

Nan men ti moun

Christo

Mwen pap mouri pou okenn patri
Mizik lapli
Klewonnen nan zòrèy mwen
Se jwèt ti moun piti
Se van restavèk
Kap pwomennen non w nan tout lari
Ki bon zanmi m

Peter CÉNAS

Lè m nève
se tout van Nòdwès ki pyafe nan tèt mwen
lespri m douvan dèyè
epi m bliye non m

Ti kris

Klòch

Tete

Ap

Sonnen

Pa

Banm

Rekreyasyon

Ban m

Fè nwa m

Ban m blakawout mwen

Jay

Dife kale m
Lafimen alète m
Chak zetensèl ki vole
Sou vizaj mwen
Gon w latriye souri
Ki fè sezaryèn

Christo

Cheri

Ou te d im

Pa gen lanmè

Epi

Touswit

M reponn

Je w sifi pou m fè laplanch

Deewoy

Yon jou jounen an gen pou l pala
Tout sa nou fè gen pou pandye
sou tout lantiray
Tout bout mi ap fè antòs
Yon bon jou konsa
jounen an gen pou l pala

Diamant Noir

Lavi pap di w
Lanmò pap tande w
2 trèt an chatpent
Yonn chita anba zèsèl goch
Lòt la ap dodomeya sou plim je
2 kòkòday
Dèfwa yo bay lenpresyon
Yo mare fache
Lè yo deside kata sou tèt ou
Se gade w a gade tèt zòtèy
Ou k ap fikse le syèl

Christo

Fanm

M ekri w ak tout kòlè foli m

Paske lavi son kout souf

Fanm

Ou ki se souf mo m

Kite m gouye nan tout longè lantiray ou

Deewoy

M ap kangrennen
Tout zetwal
Tou nwè
Kèlkilanswa jou m ta sispèk
Sole a
Limen
Tankou je w

Christo

Ey fanm

kite dlo pwezi m wouze figi w

kite mo m yo wete lawont lèzòm sou do w

Ey fanm

kenbe manch lavi w nan men

kontinye woule lavi w

woule woule w san pèrèz

Ti kris (Bonbon siwo)

Fè yon bag ak kòd lonbrik ou
foure nan dwèt mwen
Pou w konvèti m
Après chéri
Tout lòt fanm ap tounen lanfè
nan pèseverans santimanm

Toli

Pou yon lapèsòn Bwa pikan

Van pa gen do ni fas
Men l kouri pase lyèv
Se pa jodi a ni yè
L ap debranche fèy
Derasinen mapou
Depatcha do kay
Van pran gran ri
Li glise desann pòtay
Van an floup li fofile bwa pikan
Li nik pantan sou lonbray ou
Flannè l bout
Li met ajenou men kwaze
Pou lanbe pye w...

Christo

Mwen se yon ti van
k ap fè balansin ak branch trip mwen
Si lanm lanmè pat bouzen
M tap mouri vyèj
Mwen se yon kalfou
tout chimen m se twou
Pla men m gwòs pou yon plim lank vomì.
Mwen se powèt

Diamant noir

Lanjelis bat
pwèl je m
m ajenou douvan pye w
M ap medite
Jouk ou kite m
gagari krache w
Pou ranpli kanari m

Chelot

Kote w pase avanyè a
Flè tout kalte pouse la
M ap priye w angras
Lè w ap pase ankò
Pa pase devan
Pa pase dèyè
Ou mèt pase sou teras lonbrik mwen.

Diamant noir

M se kenbe la kenbe la nan veye
Kè sere nan lantèman
Lougawou jou bare san po
Sirèn ki pèdi peny
M pa konn kilès
Ki banm batistè
Souf mwen se kout zegwi
ki fè bobo lavi ak lanmò

Tilus Stevenson

Rele m chen pito
Pou m pa janm gen lide
ranpe sou vant tankou mabouya tè wouj
Nan pye gwo wòch pouvwa
pou mande pasaj
Rele m chen pito
lè m grangou nan mitan lannwit
m a jape lalin
jis bajou pote kichòy
men mwen pap janm vole tankou chat
sou bout mi kay vwazinay

Toli

Patisipan prensipal yo

- Jean Verdin JEUDI (Toli)
- Witchel AZOR (Chelot)
- Christ-Falin ORALUS (Ti Kris)
- Jay
- Chrisvinan JOSEPH (Christo)
- Deewoy C DEROSIER
- Samuel CLERMONT (Diamant Noir)
- Tilus Stevenson
- Peter Cenas



21 poème Pour elle

Yon rekèy Peter CENAS

Edisyon INFERNO, mas 2017



Et tu m'as dit

Yon rekèy

Selmy ACCILIEN

Ed. DU PONT DE L'EUROPE

Selmy Accilien 01/2017 140p
Une veine qui domine, à tout instant, après quelques heures
devenir progresser et la fois des moments brèves et dans la
profondeur, une suspension qui réapparaît, toute
récente. **Jacqueline Fischer**
Un poème qui entraîne et qui habite. **Christine Rousseau**
Un recueil sur le fil d'une vie. **Yolande Besson**

10 € ISBN 978-2-206-1331-0



Éditions du Pont de l'Europe



Le mur blanc de ton ombriil

Yon rekèy Snyder

PIERRE-LOUIS

Edisyon GNK